



CHAPIT 10 SEMÈN MEZI


Leson 10.5 Pwa ak balans

Konsiy

Itilize mo sa yo pou konpare longè ant imaj sa yo. Itilize ekspresyon konparezon ki se :

1. Pi lou pase...

2. Pi lejè pase...





Lakou Kajou byen kontan w deside aprann avèk nou semèn sa a ! Si w te manke yon leson, mwen ekri aktivite ki ale ak chak leson pou ou.



CHAPIT 10 SEMÈN MEZI

Leson 10.1 Madan Mezire Lendi

Mande timoun ou koute istwa *Madan Mezire*. Mande pitit ou panse sou santiman oubyen emosyon li pa ka mezire ak okenn zouti (egzanp : lanmou, lespwa, tristès). Mande pitit ou fè yon desen pou montre konbyen lanmou li gen pou fanmi ou.

Leson 10.2 Mezi Madi

 **Materyèl :** Zouti mezi

Mande timoun ou pou wè ki zouti mezi ou genyen lakay ou. Èske gen tas mezi ? Eske gen kiyè mezi ? Eske gen riban metrik (santimèt) ? Eske gen balans ? Eske gen mamit ? Ede pitit ou rekonèt zouti mezi ou sevi lè w ap fè yon travay ki mande sa. Se pa tout moun ki sevi ak mezi fòmèl. Montre timoun ou kòman li ka sevi ak men li oubyen ak pye li pou mezire.

Leson 10.3 Zouti mezi

Mèkredi

 **Materyèl :** Kreyon, fèy papye, règ

Si ou gen yon règ, mande timoun ou trase yon liy dwat sou papye li a ki mezire 10 santimèt epi ekri 10 bò kote liy la. Si ou pa gen règ, mande timoun ou konsidere ti kawo ki nan yon fèy kaye kadriye pou trase liy dwat li a soti nan 1 ti kawo pou rive nan 10. Yon kawo ta dwe mezire 1 santimèt. Mande pitit ou konte rive sou 10.

Leson 10.4 Konpare longè

Jedi

 **Materyèl :** Règ oubyen riban metrik (santimèt)

Mande timoun ou konpare longè ant plizyè bagay ou gen nan kay la, tankou pòt, fenèt, mèb. Si ou gen yon règ oubyen yon santimèt, montre pitit ou mezi yo.



Leson 10.5 Pwa ak balans

Vandredi

 **Materyèl :** Yon sèsò, enpe fisèl, 2 kèps

Mande timoun ou rasanble materyèl sa yo: yon sèsò, enpe fisèl, 2 kèps. Prepare 4 bout fisèl menm longè.

Mande li mare 2 fisèl nan chak kèps epi mare kèps yo nan 2 bò sèsò a. Kwoke sèsò a, epi asire li dwat, epi kèps yo menm wotè.

Kounye a timoun ou ka jwe pou li wè ki sa ki pi lou ak pi lejè pami bagay li mete nan kèps yo. Pa egzanp, li ka mete yon bouchon kola nan youn, yon ti wòch nan yon lòt.

Mande li gade ki sa ki gen plis pwa. Sa ki fè yon bò sèsò a desann se li ki pi lou. Mande timoun ou si li ka jwenn 2 wòch ki gen menm pwa.

